

## BAB III

### MÉTODE PANALUNGTIKAN

#### 3.1 Méthode jeung Téhnik Panalungtikan

##### 3.1.1 Méthode Panalungtikan

Arikunto (1996:150) nétélakeun yén méthode panalungtikan téh nya éta cara anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikan dumasar kana tujuan anu baris dihontal.

Méthode nu dipaké dina ieu skripsi nya éta méthode analisis déskriptif, Nya éta méthode nu medar kajadian-kajadian alamiah atawa jieunan manusa, saperti tradisi Ngunjungan. Ku kituna, perlu pisan obsérvasi pikeun ngahontal data nu baris dipibeunang dina ieu panalungtikan.

##### 3.1.2 Sumber Data

Anu dijadikeun data dina ieu panalungtikan nya éta ajén-inajén nu nyangkaruk dina tradisi Ngunjungan di désa Cilewo kecamatan Telagasari kabupatén Karawang. Sumber *penunjang* data nya éta profil désa Cilewo, sedengkeun nara sumber pikeun meunangkeun data primérna nya éta para tokoh masarakat, sesepuh, jeung aparat pamaréntah anu aya di lingkungan désa Cilewo anu nyaho kasang tukang tradisi Ngunjungan.

### 3.2 Téhnik Panalungtikan

Ieu panalungtikan ngagunakeun téhnik obsérvasi jeung wawancara *tidak berstruktur* pikeun meunangkeun data panalungtikan nu bakal jadi bahan laporan panulis dina nalungtik ajén sosiologis nu aya dina tradisi Ngunjungan.

#### 1) Téhnik Obsérvasi

Nurutkeun Sugiyono (2009:203) téhnik obsérvasi nya éta téhnik nganalisis masalah anu baris ditalungtik sacara langsung di lapangan

#### 2) Téhnik Wawancara *Tidak Berstruktur*


Nurutkeun Sugiono (2009:197) téhnik wawancara *tidak berstruktur* nya éta wawancara nu bébas anu panalungtikna teu ngagunakeun padoman wawancara nu geus disusun sacara sistematis jeung lengkep pikeun ngumpulkeun data panalungtikan. Padoman wawancarana ngan ukur ngagunakeun gurat badag masalah nu hayang ditanyakeun.

#### 3) Téhnik Sadap Rékam

Téhnik ieu dipaké pikeun ngahontal data nu sipatna obrolan nu hampang kalayan langsung jeung informan nalika wawancara, tujuanna pikeun ngarobah data lisan kan tulisan

### 3.3 Desain Panalungtikan

Desain nu dipaké dina ieu panalungtikan digambarkeun saperti ieu di handap.



### 3.4 Instrumén Panalungtikan

Sugiyono (2009:147) nétélakeun yén anu dimaksud instrumen panalungtikan téh nya éta sakabéh alat atawa cara anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data nu diperlukeun.

Ieu panalungtikan, ngagunakeun sababaraha bentuk instrumén panalungtikan nya éta obsérvasi, pedoman wawancara.

#### 1) Obsérvasi

Format obsérvasi digunakeun panalungtik dina ngalakukeun obsérvasi sangkan data-data di lapangan bisa kahontal tur kawatesanan sarta henteu méngpar jauh tina bahasan panalungtikan.

#### a) Format Obsérvasi

Tema obsérvasi:.....

Lokasi obsérvasi:.....

Panalungtik:.....

**Tabel 3.1**  
**Format Obsérvasi**

<b>Obsérvasi</b>	<b>Tanggal</b>	<b>Aspék nu Diobsérvasi</b>	<b>Data Hasil Obsérvasi</b>

## 2) Padoman Wawancara

Padoman wawancara digunakeun pikeun jadi patokan, nu mangrupa dasar patalékan nu ditata tur patali jeung masalah nu ditalungtik. Runtuyan patalékan nu kasampak ngan saukur gurat badag tina patalékan nu aya di lapangan, di lapangan patalékan bisa leuwih ngalegaan. Patalékan-patalékan henteu merekpek jeung ngabébéak. Tapi awor ngahiji dina obrolan nu hampang.

<b>PEDOMAN WAWANCARA</b>	
<b>1. Biodata Wawancara</b>	
1) No Informan	: .....
2) Wasta	: .....
3) Umur	: .....
4) Pakasaban	: .....
5) Alamat	: .....
<b>2. Daftar Patalékan</b>	
1) Naon sababna pangantén anyar kudu Ngunjungan?	
2) Kumaha Sajarah tradisi Ngunjungan di désa Cilewo?	
3) Kumaha prak-prakan Ngunjungan téh?	
4) Naon mangpaat tradisi Ngunjungan pikeun pangantén?	

## 3) MP3 Recorder

Tape recorder digunakeun pikeun ngarékam carita nu jadi bahan pikeun masalah nu ditalungtik.

#### 4) Kaméra

Kaméra digunakeun pikeun ngadokuméntasikeun data nu sipatna dokumén.

### 3.5 Léngkah-léngkah Panalungtikan

Garapan dina ieu panalungtikan dibagi kana lima tahapan, nya éta: tatahar, ngumpulkeun data, ngolah data, nyusun laporan, jeung kacindekan.

#### a. Langkah Tatahar

- 1) Néangan data pikeun référénsi judul skripsi
- 2) Studi pustaka, ku cara macaan buku-buku nu aya patalina jeung panalungtikan, diantarana macaan buku ngeunaan sosiologi, kabudayaan, folklore, jeung buku ngeunaan métode jeung léngkah-léngkah panalungtikan.
- 3) Nyusun rangkay panalungtikan (proposal panalungtikan).
- 4) Konsultasi ka dosén pangaping.

#### b. Ngumpulkeun Data

- 1) Macaan buku-buku panalungtikan ngeunaan kabudayaan pikeun acuan.
- 2) Obsérvasi ka lapangan jeung wawancara ka narasumber.
- 3) Néangan istilah-istilah jeung kaolahan nu aya dina tradisi Ngunjungan.
- 4) Néangan ajén sosiologis dina tradisi Ngunjungan ngaliwatan wawancara.
- 5) Konsultasi ka dosén pangaping.

c. Ngolah Data

- 1) Ngadéskripsikeun tradisi ngunjunan di Désa Cilewo, Kacamatan Talagasari, Kabupatén Karawang.
- 2) Ngadéskripsikeun istilah-istilah jeung kaolahan nu aya dina tradisi ngunjunan.
- 3) Ngadéskripsikeun ajén sosiologis dina tradisi ngunjunan.

d. Léngkah Nyusun Laporan

Nyusun laporan mangrupa léngkah anu pamungkas dina ieu panalungtikan. Hasil panalungtikan dipasing-pasing, anu satuluyna dianalisis. Ieu panalungtikan téh disusun dumasar kana sistematika nulis karya ilmiah Universitas Pendidikan Indonesia nu panganyarna dina wangun skripsi.